Тхыдэм и пэжыр зи тегъэщIапIэ

2-нэ нап.

Ныбжьэгъуитэм пщIэ щиIэ щIыналъэ

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.

«Нурыр» топсэ «Дыщэ жыгым»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

Каменномост

№107 (24.545) • 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Сурэтхэм къыбжаIэр

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Адэкiи ирагъэфIэкIуэнущ

ЦIыхухэр шынагъуэншэу къешэкIыным, хьэлъэзешэ машинзкэр зэрызекIуэм теуха Iэхуэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Ространснадзор»-м и къудамэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Кравцов Дмитрийрэ.

ЩХЬЭХУЭУ и гугъу ящIащ кIэлъыплъыныгъэ Iэхуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэхэм. Апхуэдэу къыхагъэщащ фIагъ лъагэ зиIэ гъэзугхэр ухуэныкIэ лэжьыгъэм Iэмал имыIэу къыпыщэн зэрызуейр, псом хуэмыдэу бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ къуажэ пхыдзахэм ухуэзышэхэм гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, а IэхуэмкIэ щыIэ программэхэм япкъ иткIэ, мы илъэсым зыхуэй хуагъэзэжыну я мурадщ хэгъэгу, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэгуу километри 160-м нэблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Зыужьыныгъэр нэрылъагъущ

Стратегие мыхьэнэ зиIэ зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ советым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ республикэм и унафэщI КIуэкIуэ Казбек.

КъУЛЫКъУЩIэХЭР тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ ди щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм, мэкъумэш Iэнатlэм зэрызиужьым, цIыхухэм псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зэрадэлэпкъым, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Iэмалхэм.

УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ школакIуэ 5120-рэ зыщIэхуэ егъэджэныгъэ Iэхуэщ1апIэу - 9, сабий 3020-рэ зыщIэсыну Iэхуэщ1апIэу 52-рэ яухуащ, спорт Iэхуэщ1апIи 134-рэ зэрагъэпэщыжащ, узыншагъэр щахьумэ Iэхуэщ1апIэу 14 зыхуэй хуагъэзэжащ, щэнхабзэ Iэхуэщ1апIэу 31-рэ къагъэщIэрэщIэжри, 9 яухуащ, гъэзугу километр 830-рэ щIэуэ тралъхьэжащ, кхъахэ хъуа унэу метр зэбгъуэнатIэ мин 17-м щIэс щIыхуэр игъэIэпэхуащ, нэгъэщI Iэхуэгъуэ куэди зэфIагъэкIащ.

Макроэкономикэми иужь кIымыну зеужь. ЩIышылъ - мэкъуаугъуэ мазэхэм республикэм и мылъкум инвестицэу кхъахалъхьар нэгъабэ иджы хуэдэм елъытауэ процентэ 125,8-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэм ешэм кIэлпжьыкъ мылъкум и хэхъуэр блэкIа мазийм процентэ 114-рэ ирикъуащ. Мазибл блэкIам урилъэмэ, экономикэм и Iэнатlэ псоми къыщIагъэкIхэр нэхъыбэ зэрыхъуам гу лъыботэ.

«ЦIыхухэм я хэхъуэри нэхъыбэ тщIыну тхуэзэфIэкIащ. ЩIышылъ - мэкъуаугъуэ мазэхэм ар процентэ 115,7-рэ хъуащ, Iэхуэм иджыри пыдощ», - жиIащ Iэтащхьэм.

Щхьэж и пэIэ щIэт Iэнатlэхэм я Iэуху зыIутым теухуауэ зэIущIэм убгъуауэ къыщыпсэльащ министрхэр.

Къуажэдэсхэр дыщогуфIыкI

• Дэ къытхуатх

Каменномост (Кърамэхьэблэ) дэс дэтхэнэми хуэдэу, си къуажэм щIэуэ, фIыуэ зыгуэр къыщыхъуамэ, си псэр мэгуфIэ. Нобэ си гугъу сщIынур иужь зэманым къуажэм къыдэхъуа Iэхэугъуэ зыбжанэщ.

КЪЭРАЛ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, ди щIыналъэми мылъку къыхуауатIыпщ, сабийхэм я зыужьыныгъэм теухуауэ спорт ухуэныгъэ гуэрхэр ящIын хуейуэ. Апхуэдэу къэкIуа ахъшэмкIэ ящIауэ щытащ курыт еджапIэ №1-м и деж иIэ футбол щыджэгу ут цIыкIур. Иджы аргуэру зи гугъу сщIа программэр и тегъэщIапIэу, уахуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгуэ куэд кърагъашащ. Аэхэ ирахьэлIащ Къармэхьэблэ къыдэлъэдапIэм деж (Сэрмакъкlэ уикIыу), стадион дэгъуэ дыдэ ящIащ.

Гъэзугу фондым и мылъкуKIэ къуажэ гъэзугхэр зэIуэпэщ щIынур проект зыбжанэзу зэхэухуэнауэ ягъэлэжьащ: Сэрмакъ къыщыщIэдзауэ Къармэхьэблэ къэсу; Къармэхьэблэ щыщIэдзауэ Чыщбалъкъ нэс; Къармэхьэблэ щыщIэдзауэ Хьэбэз нэс; къуажэ кIуэцIым иIэ гъэзугхэр. Гъэзугубгъуэхэм уэздыгъэхэр куэду щифIэдзащ. ЖэщкIэ а гъэзугхэр зэщIэблэзу щыплъагъукIэ, уи гур хохъуэ.

Куэншыб дэшынри къуажэм хъарэзынэу къыщIызэгъэпэща хъуащ. Зэи зэблэмыууэ даш жыслэмэ, пцIыупс сыхъунщ, ауэ Iэмал зэриIэкIэ зэтрырагъэхьэркъыми, ари хъарэзынщ.

Си щхьэкIэ сыщыгъуазэу, къуажэ щIалэгъуалэм илъэс куэд хуауэ я нэ къыхуокI ФОКкIэ зэджэ физкультурэмкIэ зыщагъасэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iэхуэщ1апIэ диIэну. Тхьэм жиIэмэ, ари тлъагъуным куэд иIэжкъым. Проект-сметэ документацэхэр ягъэхьэзырри уахуэныгъэмкIэ министерствэм иратащ, къэрал экспертизэми кIуэцIрыкIащ. Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м и щIыбагъкIэ щыIэ щIынэщIым ФОК-р илъэс кьакIуэ тхуращIыхьыну дыкъагъэгугъэ.

Ижь дыдэу дызыщыгуфIыкI хъуну Iэхуэгъуэхэм ящыщщ иджыпсту къуажэ клубым - Щэнхабзэмкlэ унэм - Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сыным и щIыбагъкIэ жьы дыдэ хъуа жыгэр зэрырауплщыкIар, щIыпIэр ягъэкъабзэу жыг хадэщIэ зэрагъэтIысар. Абы ихъуреягъыр гъущI сэрей дахэкIэ къаухьащ, лъэс лъагэуэхэм нэр игъэгуфIэу плиткэ щхьэкIэплъыкIэхэр иралъхьащ, и бгъуитIымкIэ тетIысхьэпIэхэр куэду кърагъэуэвэкIащ. Сабийхэр зэщIэну хъыринэу тIу ягъэуваш, абдежми жыг цIыкIухэр хасэнущ. Иджыпсту здынэсами Щэнхабзэмкlэ унэм къакIуалIэ еджакIуэхэм тетIысхьэпIэхэм зыщагъэпсэхуну, хъыринэхэм ещIэну яфIэфщ.

ЩхьуантIагъэхэри хасэжмэ, пщыхьэщхьэкIэрэ уэздыгъэхэри нуру зэщIэблэу, адэ-анэхэм я сабийхэр я гъэсэу зыщагъэпсэху хъуну щIыпIэ дагъуэ дыдэщ!

Дауи, сабий кьежэхьипIэхэр, аэхэр зэдджэгу хъун таурыхъ унэ цIыкIухэр ящIыфамэ, нэхъыфIыжкъ. Ари зэманым кьитэлъэгъуэнщ.

Зи гугъу сщIа жыг хадэ зыгъэпсэхупIэр зыпэгъунэгъу Щэнхабзэмкlэ унэр езыр къызыхуэтынщэу зрагъэпэщыжащ, и пъабжьэм къыщегъэжьауэ и щхьэм нэсыху жыхуаIэм хуэдэу. Абы яфIэфIу йокIуалIэ жылэдэс щIэблэр, я эфIэкIхэм гупжьей эмылIэужьыгъуэхэм щыкагъахъуэу.

А псоми щогуфIыкI къуажэдэсхэр. Догугъэ апхуэдэ Iэхуфlхэм адэкIи къыпащэну.

ЛЫХЬ Людмилэ.
Каменномост къуажэ

МэкъумэшыщIэхэм я урысейпсо зэхуэсым зеубгъу

ФокIадэм и 5-6-хэм Тулэ къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым хьихьэу хьэрычэтыщIэ Iэхуэхэм зыщегъэужьыным, жылагъуэхэм къэрал гулъытэ зэгъэуIуауэ егъэгъуэтыным, кооперацэм дэIэпыкъуным теухуа зэIущIэ. Ар къыззрагъэпэщащ «Лъэпкъ фермер» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ, Тулэ областым и губернаторым и администрацэмрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ къыдаIыгъуу.

ЗЭХУЭСЫМ и лэжьыгъэм хэтащ икIи къыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъэкъэрым и «Агросоюз КБР» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «Лъэпкъ фермер» зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ я унафэщI, агроблогер Теунэ Мурат.

ЗэIущIэм нэхъыбэу гулъытэ щагъуэтащ мэкъумэшым елхьэуэ хьэрычэтыщIэ Iэхуэщ1апIэ мащIэхэмрэ курытхэмрэ къыщIэуха зрыхъунум, уней мэкъумэшхэкIыр лъэпощхьэпо хэмыту щэхуакIуэхэм (тыкуэнхэм) я деж нэгъэсыным, абыхэм я уасэхэм, хуэгъэкIуатэ зыхэль кредитхэмкIэ мэкъумэшыщIэхэм ядэIэпыкъуным, къэрал гулъытэ (субсидие, лизинг) ягъуэтыным ехьэлIэ Iэхуэгъуэхэм, нэгъэщIэхэм.

Теунэ Мурат къыхэрыджиIамкIэ, зэхуэсым хэтахэр арэзы техъуащ иджы къызэрагъэпэща, хьэрычэтщIакIуэ цIырыIуэ Сирота Олег зи пашэ, «Лъэпкъ фермер» зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Псалъэм папщIэ, абы и жэрдэмкIэ иджыблагъэ законопроектитI къащтащ. Япэр зытеухуар фермерхэм къащэхун хуэмеIуэ щIы иратыныжрэ мэкъумэшым хухаха щIыр бэджэнду къэзыщтауэ, ауэ ахэр тэмэму къэзымыгъэсэбэпхэм къалехьыжа зэрыхъунымрэщ. Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Агростартап» къэрал грантыр къеIыхьиным ехьалIа Iэхуэгъуэхэр гъэпсынщIэным пыщIахэм.

«Иджыпсту зэманым зихъуэжащ. Зыри умыщIэу къэралым ущыгугъуу ущыкIэ уи Iэхур дэкIыныкъым. Зи лэжьыгъэр зыгъэкIуэтэну, хьэрычэтыщIэ хъуну хущIэкъухэм жылагъуэ зэгухьэныгъэр хьэзырщ чэнджэщкIи Iэхуу пыухьикIаки дэIэпыкъуну, къэрал Iэхуэщ1апIэмэм дэфтэрхэр щыпхагъэкIыну. Псом япэ игъэщыпхъэщ щхьэмыщIауэ псэуэр, уней Iэхуэщ1апIэ зэтезыублэну хущIэкъуэр. Апхуэдэхэм щхьэкIэ лэжьэнущ хьэрычэт щIэным ехьалIауэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт центрхэр», - къыхигъэщащ Теунэ Мурат.

«Лъэпкъ фермер» зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ иджы зэхьхьа мы зэкуэсыр и мыхьэнэкIэ, и инагъэкIэ ещанэщ, икIи абы и мурадщ мыпхуэдэ зэIущIэхэр къэралым и федеральнэ округ псоми щригъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэм къыщыпсэльа хьэрычэтщIакIуэ Сирота Олег къыззрыхигъэщащи, цIыхухэр кьуажэм епшэлIэжыну гугъущ, ауэ ахэр абы щызэтепIыгъэну нэхъ гугъужщ. АтIэ жылагъуэхэр зыхуей-зыхуэфIэкIкIэ къызэбгъэпэщу щытмэ, ущыпсэуну къуажэм нэхъыфIыпIэ щыIэкъым.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ зэфIэкIыр къапщытэ

Щыщхьэ1ум и 30-31-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIащ республикэм и инвестицэ зэфIэкIыр къэпщытэнымкIэ щхьэхуэзу зэхуашэсу Урысей Федерацым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствам и лэжьакIуэ гуп. Абыхэм я пашэу щытащ министерствэм Кавказ Ищхъэрэм социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Храновский Игорь.

ХЬЭЩIЭХЭР краГъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къудзэ Говоров Сергей, министрхэу Рахаев Борис, Сыжажэ Хьэсэн, Iэхъуэбэч Щамил сымэ, нэгъуэщIхэми.

КъэпщытакIуэ гупым зрагъэлъэгъуащ икIи зрагъэщIыхуащ республикэм и промышленнэ Iэхуэщ1апIэ зыбжанэм я Iэхуэхэр зыIутыр, зэфIэкIыр. Псалъэм папщIэ, ахэр щыIащ Налшык къалэ и «Фирма интернешинал компани Россия-СНГ» ООО-м, «Телемеханика» ПАО-м, Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм дэт «Концерн-ЗЭТ» ООО-м, Прохладнэ къалэ и «Кавказпромкабель» ООО-м.

МахуитIым къриубыдэу къэпщытакIуэ гупым ильэгъуам къарикIуам теухуауэ иужькIэ зэIущIэ екIуэкIыжащ. Абы щытепсэлъыхьащ щIыналъэм щыIэ инвестицэ щытыкIэм, абы зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуа хъун папщIэ щыIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми.

«Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ ирет Урысейм и Мэкъумэш банкым. Абыхэм я инвестицэ проектхэр, программэхэр лэжьэн папщIэ кредит ахъшэхэр ярет, эксперт дэIэпыкъуныгъэхэр ярегъэгъуэт. Псалъэм папщIэ, республикэм и экономикэм сом мелард 60-м нэблагъэ хилъхьащ ди банкым», - жиIащ зэIущIэм хэта, Урысейм и Мэкъумэш банкым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Сокъур Алим.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Унагъуэм и мыхьэнэр

• Жэрдэм

Щ1эныгъэм и махуэм къыхалъхьащ щапхъэ зытрах унагъуэхэр къыщыхахыну зэхьэзэхуэ. Къэралым и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, ар сэбэп хъунущ унагъуэхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэфIэхэр хъумэным, яIэщIэхуахэр къэIэтыжыным теухуауэ.

- ФОКIадэм и 4-м щегъэжьауэ апхуэдэ зэпеуэхэм хэтынухэм я тхыгъэхэр ягъэхь хъуну дыубзыхуащ. Ахэр зытеухуар сабий зиIэ унагъуэхэращ. Зэхьэзэхуэм хэтыну дыхуейт унагъуэщIэхэм къыщыщIэдзауэ нэхъыжьхэм я деж щыщIэкIыжу. Абыкlэ къэдгъэнэуэфынущ унагъуэм зэрызиужьыр, зы щIэблэм къыбгъэдэкIыу адрейм ирит Iущыгъэхэмрэ хабзэфIэхэмрэ, ди къэралыр зэтезыбIыгъэ цIыхубэ лъапIэныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ унагъуэм игъэзащIэ мыхьэнэр, нэгъуэщIхэри, - щыжаIащ «Iуэхугъуэшхуэхэм теухуауэ псалъэмакъ» дерс зэIухам.

«Урысейр Iэмалыщ1эхэм я къэралщ» платформэм апхуэдэ зэхьэзэхуэ иджыри къэс щрагъэкIуэкIакъым. Абы щыгъуэми, къэралым и Iэтащхьэм къызэриIыятэмкIэ, зэпеуэр «псом нэхъыр нэхъ гъащIэгъуэн, уеблэмэ цIыхубэр зэщIэзыгъэуIуэн Iэмал хъунущ».

Унагъуэхэр щызэхьэзэхуэну апхуэдэ Iуэхур куэдым ягу дихьэну, мыхьэнэ иIэну къалъытэ. Щогугъ проектым ди цIыхубэм, жылагъуэм зезыгъэужь Iуэхугъэм хэлъхьэныгъэ хуищIыну. Школлымрэ университетхэмрэ щIалэгъуалэм кьащIащ щIэныгъэм къыдэкIуэу, мы Iуэхум хэтхэм ар гъащIэми къащIауэщхьэпэнущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Ди къуэш республикэхэм

Къыхэжаныкlаэр ягъэпажэ

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ щекIуэкIащ «Соловьёв зэкъуэшхэм я цIэкIэ щыIэ муниципальнэ саугъэтым и лауреат» цIэр зыхуагъэфэщащэм етыным теухуа Iуэху гуапэ.**

- Мы гъэм апхуэдэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ Адыгей къэрал университетым прикладной математикэмрэ хуэбгъэтехнологиекэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Алий Маратрэ, «Березка» сабий сад №923-м и гъэсакIуэ нэхъыжь Петренко Татьянэ, школ №28-м и унафэщIым еджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Кривенко Наталье сымэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Соловьёв зэкъуэшхэм я цIэкIэ зезыхьэ саугъэтхэр ират Мейкъуапэ щыпсэухэу зи Iэщ1агъэм зэрыхуэIэижьыр къэзыгъэлъэгъуахэм, къалэм и гъащIэм жьджэру икIи кулщIафIэу хэлъжьыхьэм. 1992 гъэм къыщыщIэдзауэ абы и лауреат хъуащ цIыху 88-рэ.

Аринэ щIалэ цIыкIур къригъэлащ

АБХЪАЗ. **Республикэм и МЧС-м и ведомствэм и медаль хуигъэфэщащ Вологдэ щыщ, илъэс 15 зи ныбжь Смирновэ Аринэ, Нижний Тагил къикIауэ зызыгъэпсэху, илъэсибгъу зи ныбжь щIалэ цIыкIур хым къызэрыщригъэлам папщIэ.**

АБХЪАЗЫМ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и министр Квициние Лев и унафэкIэ абы хуагъэфэщащ «ГъащIэр къызэрыригъэлам папщIэ» медалыр, псым итхьэлэ цIыхур къыщригъэлым къигъэлъэгъуэ захуагъэр ирагъэлIэну.

Смирновэ Аринэ зэрыжиIамкIэ, щыщхьэуIуэм и 26-м Пицундэ хуэ Iуфэм щыIэу гу лъитащ псым зыхэзыдза щIалэ цIыкIур къызэрыщIэмыбруужым. Пщащэр зэуэ псым хэлъэри, щIалэ цIыкIур къыхихыжащ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, сабийм хуэш къыхихьэри, псыр жьэдэуэу щIидзат.

Сабий зыгъэпсэхупIэ

КIЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Аргун Мурат лэжьигъэ Iэзэхуэ щыIащ Зеленчук районым и Дзаусу къуажэм щыIэ «Сосенка» зыгъэпсэхупIэм. Мы щIыпIэм щаухуэнущ сабии 100-м зыщагъэпсэхуным хуэщIа лагерь.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Къэрэшей-Шэрджэсыр ящыщщ загъэпсэхун папщIэ сабийхэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщыным теухуа программэр щагъэззэщIэну къыхаха щIыпIэхэм. Программэр зэхалъхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир пщэрыпIэ къаэрыщищIам тету. Пэжыгъэр зэфIагъэкIынущ республикэм и мылъкуKIэ.

ЩIыпIэр къаплъыхьа иужь, Аргун Муратрэ абы и гъусахэмрэ къалъытащ мы-бы унитI щIэуэ ищIыхьын, ит унэ цIыкIуэхэр къагъэщIэрэщIжьын, щхъуантIагъэхэр щыгъэтIысын, спорт, щэнхабзэ Iуэхуэхэр щрагъэкIуэжьыну утыкуэхэр къыщызэрагъэпэщын хуейуэ.

Правительствэм и Iэтащхьэм апхуэдэу къыхилъхьащ зэрызыщагъэпсэхуи и мызакъуэу, сабийхэр щылэжьэну щIы Iыхьэхэри зыхуеину псомкIэ къызэгъэпэщыпхъэр.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ газкIэ, псыкIэ къызэрагъэпэщар егъэфIэкIуэным, лагерьм екIуалIэ гъэзугхэр зыхуей хуэгъэзэным епха Iуэхуэхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Пщ1э зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!

2023 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм я1эрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз эзэманыр нухащ. Арщхьэкlэ къыкIэрыхуахэм нэхъ кIасэу ахэр хуахьынущ, и пщIэр дызыхуэкIуэ махуэ гъунэгъуэхэм щIатмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 409-рэ кIэпIейкIэ 95-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжьынумэ - сом 372-рэ кIэпейкIэ 51-рэ.

Ди индексыр П 5894

Унагъуэм и мыхьэнэр

• Жэрдэм

Щ1эныгъэм и махуэм къыхалъхьащ щапхъэ зытрах унагъуэхэр къыщыхахыну зэхьэзэхуэ. Къэралым и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, ар сэбэп хъунущ унагъуэхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэфIэхэр хъумэным, яIэщIэхуахэр къэIэтыжыным теухуауэ.

- ФОКIадэм и 4-м щегъэжьауэ апхуэдэ зэпеуэхэм хэтынухэм я тхыгъэхэр ягъэхь хъуну дыубзыхуащ. Ахэр зытеухуар сабий зиIэ унагъуэхэращ. Зэхьэзэхуэм хэтыну дыхуейт унагъуэщIэхэм къыщыщIэдзауэ нэхъыжьхэм я деж щыщIэкIыжу. Абыкlэ къэдгъэнэуэфынущ унагъуэм зэрызиужьыр, зы щIэблэм къыбгъэдэкIыу адрейм ирит Iущыгъэхэмрэ хабзэфIэхэмрэ, ди къэралыр зэтезыбIыгъэ цIыхубэ лъапIэныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ унагъуэм игъэзащIэ мыхьэнэр, нэгъуэщIхэри, - щыжаIащ «Iуэхугъуэшхуэхэм теухуауэ псалъэмакъ» дерс зэIухам.

«Урысейр Iэмалыщ1эхэм я къэралщ» платформэм апхуэдэ зэхьэзэхуэ иджыри къэс щрагъэкIуэкIакъым. Абы щыгъуэми, къэралым и Iэтащхьэм къызэриIыятэмкIэ, зэпеуэр «псом нэхъыр нэхъ гъащIэгъуэн, уеблэмэ цIыхубэр зэщIэзыгъэуIуэн Iэмал хъунущ».

Унагъуэхэр щызэхьэзэхуэну апхуэдэ Iуэхур куэдым ягу дихьэну, мыхьэнэ иIэну къалъытэ. Щогугъ проектым ди цIыхубэм, жылагъуэм зезыгъэужь Iуэхугъэм хэлъхьэныгъэ хуищIыну. Школлымрэ университетхэмрэ щIалэгъуалэм кьащIащ щIэныгъэм къыдэкIуэу, мы Iуэхум хэтхэм ар гъащIэми къащIауэщхьэпэнущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Тхыдэм и пэжыр зи тегъэщІапІэ

● Щіэ

Иджыблагъэ щІэзыдза 2023 - 2024 гъэ еджэгъуэм Іуэхугъуэщіэ куэд кьыхьхьащ. Апхуэдэхщ, кьапштэмэ, «Технологие» предметым ипэкІэ «Лэжьыгъэмрэ технологиемрэ», «Шынагъэншэ гъащІэм и лъабжьхэзэр» (ОБЖ) предметым ипэкІэ «Шынагъэншагъэмрэ Хэкур хьумэнымрэ я лъабжьхэзэр» («Основы безопасности и защиты Родины», ОБЗР) фІэщыгъэхэр зиІэ предметыщІэхэр зэреджэ программэхм кьызэрыхьхьар.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, фокІадэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щІэз ныбжьыщІэхэм псоми «Тхыдэ» предметыр зэраджьнырэ зыгъэ щІт тхылъымкІэ. Ар тхылъипллу зэхэтщ. Ипэ тхылъу «Урысейм и тхыдэр» фэщыкІыгъэр зиІэмкІэ кьэралым и тхыдэм щыщ Іыхьэу 1914 - 1945 гъэхэм кьрифыбдзэр яджьнущ 10-нэ классым щІэс ныбжьыщІэхэм. Апхуэдэ фІэщыгъэ дыдэ зиІэ етІуанэ тхылъымкІэ кьэралым и тхыдэр джыным щыпащэнущ 11-нэ классым кІуэхэм. Абы кьызэщІеубыдэ лІэщІыгъуэ блэкІам и 40 гъэзэм икуэм кьыщыщІэдзауэ дызэрыт пІэщыІыгъуэм и 20 гъэхэм я пэщІэдзэм нэс. Дунейпсо тхыдэр школакІуэ нэхъыжьхэм (10 - 11-нэ классхэм щІэсхэм) яджынущ «Всеобщая история» фІэщыгъэр зиІэ адрей тхылъитІыкІэ, класс кьэс зырыз яхуэзэу. А тхылъхэр хьэзырц, школакІуэ псори абыхэмкІэ зэпэщащ.

2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм ириухэлІэу хьэзыр хьунущ кьэралым и тхыдэмрэ дунейпсо тхыдэмрэ 5 - 9-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэм зэраджьну тхылъхэри. Ауэ щыхъукІэ, кьэралым и еджакІуэ псоми етІанэгъэ Іэмал иІэнущ ди кьэралымрэ дуней псомрэ кьакІуэ тхыдэ гъэзэгъанэхэр зыуэ щІт тхылъхэмкІэ яджыну.

Класс нэхъыжьхэм щІэсхэм тхыдэр зэраджьну тхылъыщІэхэр эксперт зэмылІэужьыгъуэхэм я кьэпщытэныгъэ тКІийжэм кІуэцІрыкІащ. АбыхэмкІэ еджакІэщ гъэуэнэхуныгъэ щыгъэкІуэкІа щыгъэкІуэ хэхаэр. А тхылъхэр хагъэхьакІэщ зэрядж тхылъ школ хэхаэр. А тхылъхэр хагъэхьакІэщ зэрядж тхылъхэм я федеральнэ реестрым. КьэпщытакІуэхэм, егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ зэрыжьакІамкІэ, тхылъыщІэхэм фІагъ куэд япкърылъщ. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, абыхэм кьыщыхьа Іуэхугъуэхэр тэрэзу зэкІэлъхьаныз, зы хабзэ пыухыкІам тКІийуэ зэрытетыр. Ар сэбэлъшхуэ мэхъу ныбжьыщІэхэм ядж темэхэр нэхъыфІу кьагурыгъэІуэнымкІэ. Апхуэдэу тхылъхэм ихуа тхыгъэхэм ящыщ дэтхэнэми щІэныгъэ лъабжьэ иІэщ. Абыхэм кьыщыхьащ ихуа Іуэхугъуэхэмрэ кьэхъукъащІхэмрэ ятеуху хьыбар нэхъыбэ кьыщыбгъуэтыфыну Іыхьэзэри. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм ныбжьыщІэкІэ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хуегъэуш. Бзэ гурыІуэгъуэкІэ, екІуэкІэ тха тхылъхэмкІэ тыншу лэжьэфащ гъэунэхуныгъэм хэту ахэр кьэзыгъэсэбэна егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри.

ГъэщІэгъуэныращи, 11-нэ классым папщІэ кьыдэкІа тхылъыщІэхэр хуегъэуш. Бзэ гурыІуэгъуэкІэ, екІуэкІэ тха тхылъхэмкІэ тыншу лэжьэфащ гъэунэхуныгъэм хэту ахэр кьэзыгъэсэбэна егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри.

ГъэщІэгъуэныращи, 11-нэ классым папщІэ кьыдэкІа тхылъыщІэхэр хуегъэуш. Бзэ гурыІуэгъуэкІэ, екІуэкІэ тха тхылъхэмкІэ тыншу лэжьэфащ гъэунэхуныгъэм хэту ахэр кьэзыгъэсэбэна егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри.

2014 гъэхэм дызыпхыкІа коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр зэреклэ-кІамрэ абы цІыхухэм ябгъуэ ябгъуэ ябгъуэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ГущIэгъуншэх икIи лъыгъажэх

ЕтIуанэ дунейпсо зауэр 1939 гъэм фокIадэм и 1-м къэхьеяуэ къалъытэ. А махуэм фашист Германиер Польшэм теуауэ щытащ. Зихуэдэ щымыIа а зэжьэхуэзыгъэр илъэсихрэ зы махуэкIэ екIуэкIащ. Абы лъэныкъуитIымкIэ къэрал 62-рэ щызэпэщIэуваща а зэманым псори зэхэту щыIа 74-м щыщу (ЩIы хъурейм цIыхуу тетым и процент 80 хуэдизыр). Зэхэуэр щекIуэкIащ Европэми, Азиеми, Африкеми я щIыналъэхэм, хы псоми япсхэм. Мыбы япэ дыдэу атом Iэщэ къыщащъэсэбапащ. Зауэм псори зэхэту цIыху мелуан 70-м щIигъу хэкIуедащ, абыхэм я нэхъыбэр цIыху мамырхэт. Зи гугъу тщIы зауэр къыхэкIащ. ЗэтрихьэщхьэкIэ щыхъуэсыгъуэ зыкъомым.

ФИГУ къэдгъэкIыжницы, Япэ дунейпсо зауэм иужькIэ зэращIыпIа Версаль зэгурыIуэныгъэм Германер щыгъкIэ гугъу икIи зыгъэгъуэ иригъэуват. Ар хуиттэкъым езым IэщэкIэ зэщIэузэда къаруэр иIэну. ЩрщхьэкIэ абы къыпакIухьурэ, НСДАП нацист партым и Iэтащхьэ Гитлер Адольф властыр IэщIыкъа иужь, а къэралым къаруушхуэ зэщIигъэIуващ. Япэщ IыкIэ ар ямылъагъу защIащ а зэманым къэралыр лъэщу щытахэу Британиемрэ Франджымрэ. Я мурадыр зыхуэгъэзар Гитлер и удыныр езыхэр зытелъэ мыхъу СССР-м къыхуэунэтIынырт. Абы къыхэкIыу тIури арэзы техъуат Чехословакием (а зэманми, иужькIэ зыкъомри Чехиемрэ Словакиемрэ зы къэралу щытащ - ред) Судет щIынальэр къыхэгъэкIыу Берлин иратыным. Абыи и закъуэкъым: къэралитIми Гитлер мамыр зэгурыIуэныгъэ иращIылIащ. Иджы куэдрэ къыдрагъэжеиж СССР-мрэ Германиемрэ иужькIэ зэращIылIа апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр. Нэмыкъыбтагъэщ! Япэ лъэбакъэр зычар езыхэращ. И закъуэ бийм и пащхьэм кърана Совет Союзым нэгъуэщI къыхуэнэжатхъым.

АрщхьэкIэ мыгувэу къагурыIуащ нацист Германием езыхэм зыхуейаткIэ занщIэу зэриимыунэтIынур. Абы и мурад япэщIыкIэ Европэр зыIэщIигъэхьэну. Арати, щынагъуэр къалъысащ. Аращ Гитлер Польшэм теуа иужь махуитI нэхъ дэмыкIыу фокIадэм и 3-м Инджылызымрэ Франджымрэ Германием зауэм щIращIылIари. 1939 гъэм и щыщхьэ IуМ Iэ зыщIадза Молотов-Риббентроп пактыр тету СССР-м и дзэ-хэр Польшэм и щIыналъэм ихьащ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ. Ди къэралым ирубыдыжащ революцэм иужькIэ IэщIагъэкIаущ щыта Къухьэпи Украинэмрэ Къухьэпи Белоруссиемрэ. ИужькIэ, зыр-зым кIэлъыкIуэу, Германием Данием, Норвегиер, нэхъ иужькIуэкIэ Франджыр, Бенилюксым хыхьэхэр, Югославиер иубыдащ. 1940 гъэм мэкъуауэгъуэм Германием и лъэныкъуэу зауэм хьыкащ фашист Италиер. Яныныкъуэ къэралхэр-Венгриер, Румыниер, Болгариер - Германием къуэуват. Зэрытлъагъущи, къэна щIагъуэ щымыIэу Европэр (иджыпсрей Евросоюзыр) Германием гухъащ.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м, щыр адрейм темыуэным теухуауэ зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм ебакъуэкIэ фашист Германиер СССР-м къэтеуащ.

ЗэхэуэкIэр щекIуэкIт Азиеми. Мы континентым Япон империем щIыналъэшхуэ-хэр щыбыдыну и мурадт, Гитлер зэриIупэфIэгъуэр къигъэсэбэпурэ. Ар мызэ-мытIуэ ебгъэрыкIуат и гъунэгъу Китайм. 1941 гъэм дыгъэгъаэм и 7-м япон авиацамрэ флотымрэ Индие хьым и кум хэт Перл-Харбор хьтIыгум щIэ американ базэ иныр зэтракъутащ. Абы иужькIэ зауэм хьыкащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэри. ИтIанэщ Дунейпсо зауэр лъапсэрэ мафIэшхуэм щыхуэкIуар. АдэкIэ къэхъуам дэ дыщыгъуаэ, 1941 гъэм и дыгъэгъаэм Москва и дзэ фашистхэр къыщигъэувыIа иужь, къыкIэльыкIуэ илъэситIым Совет Союзым фашист Германием и дзэм и лъэр щIэзыщта текIуэнигъэ зыбжанэ ихьащ. 1944 гъэм СССР-м езым и щIыналъэ псори хуит къыщIыжри, Европэм и къэралхэм бийхэр ирихужу хуежьащ. Абы къыдэкIуэу Италиемрэ Германиемрэ Африкэ Ищхъэрэри ябгынэн хуей хъуащ. Финляндиер, Румыниер, Болгариер Гитлер и бий коалицием и кыдэщIу къэувыжащ. Италием властыр щытредзри, правительствощIэм жиIащ зауэм къызэрыхэкIыжыр. 1944 гъэм и мэкъуауэгъуэм США-м, Инджылызым, Франджы Цхъэхуитым я къарухэм Европэм етIуанэ фронт къыщызэIуахащ. 1945 гъэм накъыгъэм и 8-м Iэ традзащ нацист Германием зэрызитым теухуа дэфтэрым. США-м а илъэсым и бадзэуэгъуэм Японием хуигъэпэгъуащ зауэм хьыкащ дэфтэрым Iэ тридзэну. АрщхьэкIэ мыдрейм идакъым. Апхуэдэу щыхъуи, Штатхэм я президент Трумэн Гарри и унафэкIэ зыщыхьэуIум и 6-мрэ 9-мрэ Хиросимэ, Нагасаки къалэ мамырхэм атом IэщакIэ еуащ. Ауэ абы зауэм и дежкIэ мыхьэнэ гуэри иIэтэкъым. СССР-м ихьа иужь, Кванытун армэр зэхакъутэри, 1945 гъэм фокIадэм и 2-м Iэ традзащ Японием зэрызитым теухуа дэфтэрым. Абдеж ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиухащ.

Абы кърикIуахэм япкъ иткIэ, Европэми Азиеми я щIыналъэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр иригъэтащ. СССР-м къыхэгъэхьэащ 1904 гъэм Японием ди къэралым трихауэ щыта Курил хьтIыгуэхэр. ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхэзыубла нацист унафэщIхэм я щхьэхэр палъащ, адрейхэм тезыр зэмылIужьыгъуэхэр тралъхьащ. Европэм мамырыгъэ пIалъэ кIыхькIэ щызыгъэзыва ООН-м Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

Къэралыр щытыкIэр гугъуэм итщ. Сомым и пщIэр йохуэх, уасэхэм залэт. ШыщхьэуIу мазэр екIуэкIащ бензиныр зэпымыууэ нэхъ лъапIэ хъууэ. Зэрыгуры Iуэгъуэщи, абы адрей уасэхэри ирешажьэ. ИкIэм-икIэжьым инфляцэр мы гъэм и кIэухым проценти 10-м нэсыну Iэщ IагъэлI язныныкъуэхэм «дыкъэгъэгугъэ». Ауэ абыхэм жалэхэри зэтехуэрэкъым.

МЫРИ узыщыгуфIыкIынкъым. 2023 гъэм и япэ мазихым Урысейм егъэлеяуэ щыхэхъуащ банкхэм къыIаха щIыхуэхэр зымыныжхэм я бжыгъэм - занщIэу мелуани 3,3-кIэ. 2022 гъэм апхуэдэхэр мелуан 14,4-рэ хъууэ щытамэ, иджы мелуани 17,7-м нэсащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Урысейм и дэтхэнэ цIыху енэнэри суд приставхэм я нэIэ щIэтщ. Абы щыгъуэми, зыри къэмыхъуам хуэдэу, банкхэм кредитыщIэхэр ират къызэрырамытыжьфынур белджылы цIыхуэхэми. Псори зэхэту сом трилиони 2,5-рэ къыхахыжыну я мурадщ. Ауэ дэнэ куэдым къыздрахынур? Я хэхъуэхэр мащIэщ, хэбгъэзэгъхьмэ, къыхуащIэ унагъуэ Iуэхутхьбзэхэм щIатынур къатохьэлъэ. Шэн хуейкъэ? СтатистикэмкIэ къэрал комитетым къитахэм ятепщIыхьмэ, цIыхуэхэм ику иту яIэрыхьэ хэхуэм дыззэрыт илъэсым и етIуанэ Iыхьэм процент 5,3-кIэ залэта хуэдэщ. АтIэ, щхьэ къызэрымыкIуэу зрича щIыхуэ зытелъхэм я бжыгъэм? Мыри гъэщIегъуэнщ: щIыхуэхэр зымытыжхэм, «къаухжанкIыр» Краснодар, Красноярск крайжэм, Москва, Свердловск, Челябинск областхэм, Башкортан Республикэм щыпсэухэрщ. Зэрытгъэгъущи, щIынальэ къулейсызхэкъым.

КIэ зимыIэ щыIэхъым: зэгуэр псори зэфIэувжьынущ, щытыкIэр ефIэкIуэжынущ. Ауэ ар щIэх къэхъуныр фэ теткъым. Ауэ цIыхуэхэр «къэкIуэну гъащIэ нэхум» пэмыплъэу иджыпсту фIыуэ псэуну хуейщ. Дауи, псом япэу зи егъэзыжьигъуэм нэсахэр.

Иджыблагъэ цIыхуэхэм зэреупщIам зыхлэмэтхэр кърикIуащ : ди цIыхуэхэр хуейщ жыгъэмкIэ пенсэу сом мин 69-р яIэрыхьэну. Мы зэманым апхуэдэ пенсэ лIэужьыгъуэр къэралым ику иту зэрыщIыхъур сом мин 20,8-рэщ. ЩыщIэжьэпсыр хуэдизэ 3-м щIигъукIэ нэхъыбэщ. Апхуэдизу зэщхьэщыкIыныр щхьэусыгъуэ зэмыщIыхьэм къахокI. Япэрауэ, индексацэхэр цIыкIыщ (абыхэм хагъэхьэркъым лажьэ пенсионерхэр), улахуэзэм ящыщ куэдри щIэуфаущ (налогхэр хамыгъэкIыу) ят. ЕтIуанэраууэ, пенсэр яфIэкIуэда лажьэапщIэм и пIэ зыкъомкIэ иувэн хуейщ, арщхьэкIэ ди деж жыжьIэфэкIэхэм щIэрэхъуэр абы и процент 27-рэ къудейрщ. ЛэжьыгъэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОТ) игъуэващ процент 40, язныныкъуэ къэралхэм ар процент 75-рэ щохъу. Аращи, «Гугъэр адэ щIэинщ» жьыхуалэм хуэдэу къэнэжынущ.

Пэжу, зыгъэрхэр къыхалъхьэ. 2024 гъэм и щыIышIэм яужь ихьэнущ пIалъэ кIыхь гъэтIылъыгъэхэмкIэ программэр гъэзэщIэным. Абы ипкъ иткIэ, илъэс 15-кIэ емыIуэу щытмэ, а гъэтIылъыгъэхэм илъэсэ 3-кIэ къэралым ахъшэ къыхилъхьэнущ къулыкъущIэхэм къыззралъытэмкIэ, пэхущIэм сом мелард 300 хуэдизкъ и щытынущ, цIыхуэхэм хэхъуэ лей яIэрыхьэнущ. Зыри ирахулIэнукъым, дэтхэнэри зэрыфIэфIщ. Мыр банкым ахъшэ щыIэгъэтIылIым ещхьщ, ауэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ къыпэжыIэну.

ИтIанэ лъэIэсыну я нэхэр къызыхуикI сом мин 69-м? ЩIащIэлIэхэм абы шэч къытрахьэ. Профессор Сафонов Александр зэрыжиIэмкIэ, апхуэдизэ пенсэм нэсын папщIэ цIыхум езым и улахуэм и процент 20-р илъэс 30 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ хилъхьэн хуейщ. Абы щыгъуэми, и ахъшэм зыри къыжьэкIмыхуэу, мыкIуэду икIи и пщIэри емыхуэхьу, и мазэ улахуэри сом мин 350-м (!) и кIэ къемыхьу. Аращи, псори дадэ и хъыбару къэмынжьну пIэрэ?

НэгъуэщI эыи. Мыпхуэдэ жэрдэмхэр къыщыхалъхьэкIэ кулыкъущIэхэм къалъытэркъым зэманым и кIыхь. Сыт хуэдизрэ псэужьыну и жьыщхьэ махуэ хъун щхьэкIэ илъэс 30-кIэ зи лажьапщIэм процент 20 хезыгъэгъэкIыну цIыхур? Абы жэуап, дауи, езытыфынур Ди ЩхьэщIыгу Итырщ. Ауэ, статистикэм къитхэр тегъэщIапIэ пщIымэ, мы илъэсыр къызэрихьэрэ пенсионерхэм я бжыгъэм цIыху мин 404,2-рэ хэщIащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ мы зэманым ахэр зэрыхъужыр мелуан 41,37-рэщ икIи ар Пенсэ реформэхэр зэрыщIадзэрэ нэхъ бжыгъэ цIыкIу дыдэщ.

Иужь ильэсхэм зэкIэлъыкIуу икIи мыувIыгъ бжыгъэхэр кьох: нэхъыбэу IукIри мылажьэ пенсионерхэрщ: мелуан 33,86-рэ хъуэ щытати, кьэнжар мелуан 33,54-рэщ. Зэрытлъагъуэри, мылэжьжьфу тIысыжа жьыкIэфэкIрщ. Демографием игъэпIетей щхьэкIэ, мы Iуэхум и фейдэ хэльщ къэралым: цIыху мелуан 404,2-рэ зэрыIам абы зы маззм сом меларди 8,4-рэ къыхудигъэхуащ.

Апхуэдэ щытыкIэр псом япэу зи Iуэжьыр 2018 гъэм ирахьэжьа пенсэ реформэрщ. Абы ипкъ иткIэ пенсэ кIуэгъэр ильэсэ 5-кIэ нэхъ кIыхь хъуащ Мурадыр пенсэ ныжьжьи яIэту жьыкIэфэкIэхэм иратхэм хагъэхъуэным хуэгъэзауэ жаIащ. Пэжщ, пенсэхэм (мылажьэм яйхэм) хагъахъуэ: мы зэманым зы маззм сом мин 20-рэ 822-рэ мэхъу. Ауэ я хъуапсэпIэ сом мин 69-м иджыри уафэм ит ящIэуэхэм яхуэдэу япэжыжьащ...

Псори зыгъэр хъунт, уасэхэр дэмыкIуеящ.

Пенсэхэр

Гугъэр адэ щIэинщ...

Къэралыр щытыкIэ гугъуэм итщ. Сомым и пщIэр йохуэх, уасэхэм залэт. ШыщхьэуIу мазэр екIуэкIащ бензиныр зэпымыууэ нэхъ лъапIэ хъууэ. Зэрыгуры Iуэгъуэщи, абы адрей уасэхэри ирешажьэ. ИкIэм-икIэжьым инфляцэр мы гъэм и кIэухым проценти 10-м нэсыну Iэщ IагъэлI язныныкъуэхэм «дыкъэгъэгугъэ». Ауэ абыхэм жалэхэри зэтехуэрэкъым.

МЫРИ узыщыгуфIыкIынкъым. 2023 гъэм и япэ мазихым Урысейм егъэлеяуэ щыхэхъуащ банкхэм къыIаха щIыхуэхэр зымыныжхэм я бжыгъэм - занщIэу мелуани 3,3-кIэ. 2022 гъэм апхуэдэхэр мелуан 14,4-рэ хъууэ щытамэ, иджы мелуани 17,7-м нэсащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Урысейм и дэтхэнэ цIыху енэнэри суд приставхэм я нэIэ щIэтщ. Абы щыгъуэми, зыри къэмыхъуам хуэдэу, банкхэм кредитыщIэхэр ират къызэрырамытыжьфынур белджылы цIыхуэхэми. Псори зэхэту сом трилиони 2,5-рэ къыхахыжыну я мурадщ. Ауэ дэнэ куэдым къыздрахынур? Я хэхъуэхэр мащIэщ, хэбгъэзэгъхьмэ, къыхуащIэ унагъуэ Iуэхутхьбзэхэм щIатынур къатохьэлъэ. Шэн хуейкъэ? СтатистикэмкIэ къэрал комитетым къитахэм ятепщIыхьмэ, цIыхуэхэм ику иту яIэрыхьэ хэхуэм дыззэрыт илъэсым и етIуанэ Iыхьэм процент 5,3-кIэ залэта хуэдэщ. АтIэ, щхьэ къызэрымыкIуэу зрича щIыхуэ зытелъхэм я бжыгъэм? Мыри гъэщIегъуэнщ: щIыхуэхэр зымытыжхэм, «къаухжанкIыр» Краснодар, Красноярск крайжэм, Москва, Свердловск, Челябинск областхэм, Башкортан Республикэм щыпсэухэрщ.

КIэ зимыIэ щыIэхъым: зэгуэр псори зэфIэувжьынущ, щытыкIэр ефIэкIуэжынущ. Ауэ ар щIэх къэхъуныр фэ теткъым. Ауэ цIыхуэхэр «къэкIуэну гъащIэ нэхум» пэмыплъэу иджыпсту фIыуэ псэуну хуейщ. Дауи, псом япэу зи егъэзыжьигъуэм нэсахэр.

Иджыблагъэ цIыхуэхэм зэреупщIам зыхлэмэтхэр кърикIуащ : ди цIыхуэхэр хуейщ жыгъэмкIэ пенсэу сом мин 69-р яIэрыхьэну. Мы зэманым апхуэдэ пенсэ лIэужьыгъуэр къэралым ику иту зэрыщIыхъур сом мин 20,8-рэщ. ЩыщIэжьэпсыр хуэдизэ 3-м щIигъукIэ нэхъыбэщ. Апхуэдизу зэщхьэщыкIыныр щхьэусыгъуэ зэмыщIыхьэм къахокI. Япэрауэ, индексацэхэр цIыкIыщ (абыхэм хагъэхъэркъым лажьэ пенсионерхэр), улахуэзэм ящыщ куэдри щIэуфаущ (налогхэр хамыгъэкIыу) ят. ЕтIуанэраууэ, пенсэр яфIэкIуэда лажьапщIэм и пIэ зыкъомкIэ иувэн хуейщ, арщхьэкIэ ди деж жыжьIэфэкIэхэм щIэрэхъуэр абы и процент 27-рэ къудейрщ. ЛэжьыгъэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОТ) игъуэващ процент 40, язныныкъуэ къэралхэм ар процент 75-рэ щохъу.

Палестинэм щыщ адыгэхэр

Чернин Михаил Израилым щыщ журт тхыдэджщ, археологщ. 2016 гъэм къыдэкIа «Израилым щыщ хъэрпхэр» тхылъми иужькIэ щхьэхуэу иригъэкIуэкIа лекцэхэми ар щытопсэлъыхь адыгэ зыбжэзыпIэтэж, мамлюк сулътIанхэм зи лъабжьэр екIуэлIэжу жызыIэ палестин адыгэхэм.

«ПЭЖЫМ и хьэтыркIэ, а зэманым хъэрпхэр «шэрджэс» зыхужаIэу щытар адыгэхэм я закъуэкъым. Кавказым къраша псоми апхуэдэу еджэрт. Израилым хиубыдэ Iалилее щIыналъэм ит адыгэ къуажитIыр - Кфар-Камэрэ Рихьаниерэ щытIысар Кавказ зауэ нэужьырщ. Ауэ мы щIыналъэ лъапIэм я адыгэ тхыдэр куэдкIэ нэхъ жыжьэ, уеблэмэ XIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм нэс, мамлюкхэм я зэманым. Зи гугъу сщIыну си мурадыр адыгэу зыкъэзыльытэж палестин хъэрпхэрщ.

Бейбарс и лъэхъэнэм щегъэжьауэ, мамлюк сулътIанхэм Дыщэ Уэрым иубыдащ щIыпIэхэм зауэлI къызыхащIыкIыфыну сабийхэр къыщащэхун щIадзат. 1290 гъэм ятха дэфтэрхэм къыхохуэ мысыр сулътIанхэм адыгэ щIалэ цIыкIухэр къызэращэхуам техуа хьыбархэр, Iэл-Мэлик Iэшрэф Хъэлил и цIэм епхауэ. Хьэрпп тхыдэдж Макризи зэритхыжьыкIэ, гъэгуэрым сулътIаным Адыгэ (Шэрджэс) Хэкум мамлюк 3700-рэ къыщащэуат. Абыхэм дзэ щхьэкуэ къэхъишIыри, чэщанэм (хьэрпыбзэкIэ - бурджж) щIигъэтIысхьащ. Зэман дэкIа нэужь, «бурджит мамлюкхэр», «чэщанэм щIэсхэр» зыкIащыжьар аэхраущ. XIV лIэщIыгъэ пщIондэ, бурджитхэр Мысырым щекIуэкIа Iуэхугъуэ псоми хэтащ, 1382 гъэм адыгэ эмирхэм я Бэркъуку унафэр хуарукIэ иубыдыху. Абдежым кипчак лъэпкъхэм къахэкIа сулътIанхэм я тетыгъэуэ иухри, адыгэ сулътIанхэр тепщэ хъущ.

Тырку тетыгъуэм 1517 гъэм зэтрикуэта адыгэ сулътIанхэм тепщэгъуэр яфIэкIуэда щхьэкIэ, ахэр лъэужьыншэу кIуэдыжатэкъым, уеблэмэ я пщIэр яIыгъыжу, XIX лIэщIыгъуэм Мухьэммэд Алий Пащэ зэтриукIэху, утыкум итащ. АпщIондэкъ Кавказым, иджырей Адыгэ республикэм мамлюк къыщащэхун Iуэхур зэпыуакъым.

Псо дыдэрэ адыгэу щытатэкъым ахэр, куржьи, абхъзаи яхэтащ а щIалэ цIыкIухэм. Ауэ къызэщIэубыдаеу, псоми «шэрджэскIэ» еджэрт.

Израил хэрэлугъуэм мамлюк сулътIанхэм лъужьыкIыхэу къыщащэнащ, псом хуэмыдэу ди щыхьэр Иерусалим. Нэхъ зи щIэ къыIапхъэхэм ящщ Къаитбей. Ар илъэс 28-кIэ сулътIан IэнатIэм тетащ: 1468 щегъэжьауэ 1496 гъэ пщIондэ. Уеблэмэ «Храмовая гора» жыхуаIэ Iуащхьэм къытрина тхьэепсэлъыпIэ фэепльитIри нобэр къыщIэсын яхьумэ. «Сабиль Каитбай» жыхуаIэр псыутхэ, етIуанэр - Iэл-Iэшрэфие мыдрисэщ.

Ухуэныгъэхэм нэмыщI, мамлюкхэм я лъэужь къыщанащ щIыпIэм щыпсэу щIыху хэIэтыкIахэм, узэркъхэм я унагъуэхэм. Зи гугъу сщIыр Нашашибби лIакъуэращ. XX лIэщIыгъуэм щыщIидзам, Иерусалимым дэс хъэрпхэм я зэхуаку пщIэ нэхъ щызыIэ унагъуитIым ящу щытащ Нашашибихэр. Абыхэм языхэзым илъэс 12-кIэ Иерусалим и унафэщI кьалэныр ирихьэкIащ (1920 - 1932 гъ.).

Нашашиби лIакъуэм я къуэпсыр адыгэ мамлюкхэм я дежкIыщIежьу жаIэт. Эмир Насреддин Мухьэмэд Нашашиби - арат я адэжьым и цIэр - Иерусалим кьалэм губернатору къэзекIуэу щытащ, и къулыкъуэ - кьалэ лъапIитIым я инспектору: Иерусалимрэ Хевронрэ. Дыззэрыт лъэхъэнэм нэрыбгэ 5000-м нэс мы лIакъуэм я нэхъыбэр щыпсэур Иорданиерщ. Япэ лъапсэр 1469 гъэм яухуауэ жаIэ.

Палестинэм и щIыпIэ куэдым зэрыадыгэр ящIэжу, ауэ хъэрып хуауэ куэд щопсэу. Абыхэм ящыщщ Iэбу Гош лIакъуэри. А цIэ дыдэр зэрехьэ Иерусалим и къуэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ къуажэми. 1967 гъэ пщIондэ, мы лIакъуэм щыщхэр иджы щымыIэж Имвас къуажэм щыпсэуащ. Унагъуэм илъ хьыбарым ипкъ иткIэ, Iэбу Гошхэ Палестинэм къыщитIысыбар XVI лIэщIыгъуэрщ. Иджыпстрей Iуэхугъэ а лIакъуэр щыIэу 15000 мэхъу.

Нэхъ иныжщ Иерусалим дэс адыгэ лIакъуэ Iэбу Маракхэ. Аэхр Гаэз къалэм дэсщ. Абыхэм я нэхъыжь Санджар Iэл-Гъэлилий мы щIыпIэм къэIэпхъуауэ щытащ XIV лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм.

Хъэрып хъуа адыгэхэр къэралым и нэгъуэщI лъэныкъуэхэми щопсэу. Иерусалимрэ Гаэзрэ дэсщ Тутах, Шауиш лIакъуэхэр. Гаэз секторым хиубыдэу, Хьан-Юнис къалэм дэс Ага унэцIэр зезыхьэхэр нобэ щIыху 7000 хуэдизщ мэхъу.

Зи гугъу тщIа Мухьэмэд Алий мамлюкхэр зэтрикуэн щIидзэ нэужь, я псэр мы щIыпIэм къахьауэ щытащ Умм Iэл-Фарадж къуажэм щыпсэухэм. 1998 гъэм щтапIэ ихьжауэ мы къалэм дэсахэм я бжыгъэр щIыху 5700-м нэсу щытащ.

Адыгэ лIакъуэм къыхэкIауэ хуагъэфащэ Хьэлил лIакъуэри. Абыхэм ящыщу щIыхуитIым кьалэтет кьалэныр ирахьэкIащ XIX - XX лIэщIыгъуэхэм я зэпыльыпIэм».

АдэкIэ Чернин Михаил и гугъу ещI Кавказ зауэ нэужьым Палестинэм къыщыхуэта адыгэхэм. «Адыгэхэр Палестинэм къызэрыкIуар Болгарие ИпщэмкIэ къыкIыуц. 1865 гъэм уэсмэнхэм абдежым ирагъэтIысхьа щхьэкIэ, 1878 гъэм екIуэкIа чрус-тырку зауэм Тыркыр щыхилъфати, урыс тепщэхэм адыгэхэр абдежым ирамытэсыну унафэ хуащIри, Палестинэм яIэпхъуэгъуэ щытащ 1878 гъэм».

«Палестинэм мыр къыщыхуащ» щыжаIэкIэ, абы апхуэдизэ адыгэ зэрыдэсыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Iуэху щхьэпэм сыт щыгъуи хэтщ

Лъэпкъ гвардием и дзэхэм къулыкъур щезыхьэхIэмрэ лэжьакIуэхэмрэ къэрал псом щыдаIыгъащ гъэ еджэгъуэм щыщIидзэжьм ирихьэлIэу Урысейм щрагъэкIуэкI «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр» Iуэхур.

УНАГЪУЭ хуэмыщIахэм, сабий куэд зиIэхэм, адэм е анэм фIэкIа зыщхьэщымытым, зеинщэм папщIэ къащащэ зэрытхэнэ дежи къыщащIадзэщ щыпсэн имыIэжу къыщагъасэбэпыну хьэпшыпхэм щыщIэкIыжу Iэхуэхэр щыхуэзэфIах центрхэмрэ еджапIэхэм я администрацэхэмрэщ.

Iуэхур Налшык, Иркутск, Кызыл, Элиста, Псыхуабэ, Мэздэгу, Ханты-Мансийск, Йошкар-Ола, Кисловодск хуэдэ къэгъэкIа къищынэмысыщIэуэ, щрагъэкIуэкI къэралым и щIыпIэ пхыдэхэм хиубыдэ къалэ мыинхэми. Абыхэм ящыщщ Башкир Республикэм и Янаул, Краснояск крайм и Железногорск, Дагъыстэн Республикэм и Хасавюрт кьалэхэр, нэгъуэщI куэди. Урысей гвардием и лэжьакIуэхэм школ рюкзак 500-м щIигъу ягуэшащ, сабийр зэрытхэн, спортым зэрыхэтын щыIэнрэ вакъэрэ, нэгъуэщIхэри илъу.

Мы гъэм а Iуэхум къыхьащ Донецк ЦIыхубэ Республикэм и росгвардейцхэри, Лисичанск кьалэм и школакIуэхэм гуапэ ящыхьун тыгъэ яхуэзыгъэхьащ. Апхуэдэ Iуэхугъэр щрагъэкIуэкI Урысей Федерацэм щIэуэ къыхьыхьа щIыналъэм я кьалэхэмрэ яжьажэхэмрэ.

Кьыхэдгъэщынщи, Урысей гвардием и лыкIуэхэр хэтщ еджапIэхэмрэ я нэIэ зытет сабий унэхэмрэ я Iэгуэлбагъэр зыхуей хуэгъэзэным, абыхэм ныбжьыщIэхэм папщIэ спорт, щанхабзэ Iуэхугъэр кьыззрагъэпэщ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Псори дигъэгужьеят

ГъэунэхупIэ

Дуней щытыкIэр нэхъри зэщIоплъэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Кьухъэпинэмрэ абы и унафэщI США-мрэ блэкIам дерс кьыхахахъым.

ВАШИНГТОН и мурад нэхъыщхьэр зэрыщIытауэ къонэж: псори и жьыIэм япэкIи щIигъэтыныр, зыгуэркIэ кьыпэрыуэ дэтхэнэри ириудыхыныр, сыт хуэдэ IэмалкIи езыр зыкуэйр пхигъэкIыныр. АрщхьэкIэ ар къэралхэм ядэжьыркъым. Абы и щIыхьэтщ иджыблагъэ Африкэ Ипщэм и щыхьэр Йоханнесбург БРИКС-м (Бразилие, Урысей, Индие, Китай, ЮАР) щызэхуиушэса зэхуэсыщхъэм кърикIуаэр. ЭкономикэкIи политикэкIи нэгъуэщIым и унафэм щIэтыну хуэмыдэхэм я зэгуэхэныгъэм зэуэ къэралих хьыхьащ апхуэдэ хущIэкъуныгъэр даIыгъуэу. Иджыри нэхъыбэжщ чэзур къащащIыныгъэм пэплъэхэр. Аращи, дунейм кIэ щегъуэт зыи и тепщэныгъэм. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, мы зэманым континентхэм уасэхэр щыдзэныгъэхIуэ щыбыдыну и мурадщ. Ауэ ар мыгувэу иухынущ. АрщхьэкIэ, ипэкIэ зэрыжьитIащи, США-р текIыркъым эсэам. КъызэрмыхъунIэнур къыгурыIуэжами, Урысейр зэрымыхъ ищIын мурадкIэ, абы Украинэм ахъши Iэщи хуеутIыпщ, езым и къэрал кIуэцI Iуэхуэр яужь къригъанэу. Киев властыр щызыIыгъ бзаджэнаджэ гупыр зыхуэIэкIуэжьын зыри къыхэзгъэримыкIынур нэрылъагъу щыхъуа мы зэманым Вашингтон, хэбгъэзыхьмэ, нэхъыбэрэ щытепсэлъыхь хъуащ «мардэ зиIэ» ядернэ зауэм. Икли, дауи, ар щекIуэкIын хуейр нэгъуэщI щыIэнIэщ, щхьэтечу жьипIэмэ, мыгъуэр зи мыгъуа Европэщ, езыр Iэдакъэжьаэм щIэту ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъын къудейщ. Ауэ ар къехъулIэну? ИкIэм-икIэжьым абы езым щыIэналъэ иIэжщ мис а Iэщэ шынагъуэм удын ирихьыфыну. Иджыблагъэ Урысейм Iэщэкъ IэщIэузэда и Къарухэм я кьахьыха «Сармат» ракетэ лIэужьыгъуэщIэм къигъэлъэгъуащ США-м абы зэрызыщимыхъумэжьыфынур. Къызэрызэрагъэпэщ-рэ нэгъуэщI щыналъэхэм зауэр щезыгъэкIуэкIыу еса Штатхэр апхуэдэм хуэкъэзыр-зыри къызэримыкIынур нэрылъагъу щыхъуа мы зэманым Вашингтон, хэбгъэзыхьмэ, нэхъыбэрэ щытепсэлъыхь хъуащ «мардэ зиIэ» ядернэ зауэм. Икли, дауи, ар щекIуэкIын хуейр нэгъуэщI щыIэнIэщ, щхьэтечу жьипIэмэ, мыгъуэр зи мыгъуа Европэщ, езыр Iэдакъэжьаэм щIэту ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъын къудейщ. Ауэ ар къехъулIэну? ИкIэм-икIэжьым абы езым щыIэналъэ иIэжщ мис а Iэщэ шынагъуэм удын ирихьыфыну. Иджыблагъэ Урысейм Iэщэкъ IэщIэузэда и Къарухэм я кьахьыха «Сармат» ракетэ лIэужьыгъуэщIэм къигъэлъэгъуащ США-м абы зэрызыщимыхъумэжьыфынур. Къызэрызэрагъэпэщ-рэ нэгъуэщI щыналъэхэм зауэр щезыгъэкIуэкIыу еса Штатхэр апхуэдэм хуэкъэзыр-зыри къызэрымыкIынур нэрылъагъу щыхъуа мы зэманым Вашингтон, хэбгъэзыхьмэ, нэхъыбэрэ щытепсэлъыхь хъуащ «мардэ зиIэ» ядернэ зауэм. Ауэ ар къехъулIэну? ИкIэм-икIэжьым абы езым щыIэналъэ иIэжщ мис а Iэщэ шынагъуэм удын ирихьыфыну. Иджыблагъэ Урысейм Iэщэкъ Iэщ-Iэщ абы щыгъуэ къэрищIар Вашингтон Токио хуимыгъэгъуауэ икIи 1945 гъэм щыщхьэIуIум Хиросимэрэ Нагасакимрэ атом бомбэхэмкIэ иридза удынир абы и жэуапу.

Тенджьэ быдапIэу щыта Гавай хьтIыгуэр япэжьжьаГъкIэ США-мрэ Япониемрэ я зэхуэдэу хы Хужьым щыIэщ. Абы къыхэкIыу тегуэзвьхь хъуахэщ Штатхэм я хы щыIэм Iус Лос-Анджелес къыщхьэщыхьа щынагъуэм. Абы нэхъри хигъэхъуащ Перл-Харбор иужькIэ махуитI нэхъ дэмыкIыу Гитлер США-м зауэ зэрырищIыпIам. Абы щыгъуэм нэмыщIэкIэ Москва и деж къэмыщащэкIэ Iаквэтэгъым, арати, къытекIуэн щымыIэ къарууэ къытытэрт. Пэжщ, американ политикэм ягуэр зэгуфIыпт нацистхэм СССР-р зэуэ зэрызэхимыкъутэфам папщIэ, арщхьэкIэ ящIэрт Вашингтон къыльэIэсыну Гитлер зэримурадыр. Нэхъ махэу зыкъэнъэльэгъуэртэкъым Азием щызэуэ Япониеми. Абы и дзэхэм Филиппинэр, Гуамэ, Уэйк хьтIыгуэхэм щыIэ дзэ базэ иным. Япон къхъуэльатэхэу 350-мрэ псыщIагъэрыкIуэ къхъуь псынщIэхэмрэ къхъухьшхуипIи щIрагъэльэфат, «Аризона» къагъэуат, «Оклахомэ» щхьэпрыраг

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтхэм къыбжаIэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ республикэм и сурэттехэм я «Свой стиль» зэгуькьэныгъэм хэтхэм я лэжьыгъэхэр.

СУРЭТТЕХИ 9-м я лэжьыгъи 150-м щIигъу хагъэхьащ, сурэт, репортаж, архитектурэ, щIыуэпс жанрхэр къызэщIаубыдэу. Абыхэм кэуду кьощ дапщэщи удэзыхьэх гъэм и зэманкэм я теплъэгъуэ удэзыхьэхэр, псэущхьэхэр, кьалэм и уэрамхэр, нэгъэущIэхэри.

«Свой стиль» клубыр кьызэIуахьа икIи и унафэщI Лукъяненкэ Иван хьащIэхэм защIыхуигъаазэм жиIащ 2004 гъэ лъандэрэ я Iуэхущ1апIэр зэрылажьэр, иджырей выставкэр 19-нэу кьызэрагъэпэщыр.

- Гуапэщ гъэлъэгъуэныгъэм гъэ хэхэ къекIуалIэ цIыху нэфIэгуфIэхэм ди лэжьыгъэхэр ягу зэрыдихьэр. Гъэгу пэж дытету къыщIэкIынущ, - жиIащ Лукъяненкэ Иван. - Клубым хэтхэм я сурэтхэр кIуэ пэтми нэхъыфI, нэхъ щIэщыгъуэ мэхъу. Арагъэнущ абыхэм я лэжьыгъэхэм щIэупщIэм къащIыхэхъуэм и щхьэусыгъуэри.

Сурэттех Бекоев Геннадий жиIащ сабийр дунейм кьызэрытехьэр гъашIэм и кIапэльэпэхэр кьыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр, фэеплъхэр пэльытэу ильэс бжыгъэкIэ зэрахъумэр.

«Альтаир» урыс географие зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ клубым и унафэщI, сурэттех Мокаев Тенджызэ жиIащ есэжауэ махуэ къэс цIыхухэм я нэгу щIэкIхэм щIэщыгъуагъ храгъэлъэгъуэныр сурэттехым и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Аращ абы и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр. Мокаевым къыхигъэщащ зэпымыууэ щIэ гуэр я пащхьэм щагъэлъэгъуэным, я гукъыдэжым хагъэхъуэным зэрыуэлажьэр. Ар къаэрехъулIэм и щыхьэтщ псалъэ гуапэу зэхахьжыр.

Выставкэм зыкъыдагъэхьэIащ сурэттех гуэразджэм дихьэхэм, сурэттеххэм я благъэхэм, ныбжьэгъухэм. Ар фокIадэм и 17 пщIондэ щыIэнущи, гупыж зыщIхэм Iэмал фиIэщ а лэжьыгъэхэм феплъынкIи.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гъэ еджэгъуэм усэ пшыхькIэ пожьэ

● Щэнхабзэ

Кавказым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм хуэгъэпсауэ ирагъэкIуэкI «Круговорот поэзии» пшыхьхэм хуэдэ иджыблагъэ Шэрэдж щIыналъэми къыщIэзрагъэпэщат. Ар зи жэрдэмыр «Жан» литературэ зэгухьэныгъэрщ. Къыхэгъэщипхъэщ мыбыхэм усэрэ макъамэкIэ зэхэуухуэна пшыхьхэр ди республикэми нэгъэущI щIыналъэхэми къызэрыщIэзрагъэпэщыр.

2018 гъэм «Ай» шхапIэ цIэрыIуэм щрагъэжьа литературэ Iуэхур иужькIэ Гуэл щхьуантIэхэм (Шэрэдж щIыналъэ), Лермонтов Михаил и цIэр зэрихьэу Псыхуабэ дэт унэм, Абхъазым и Рицэ гуэлым щрагъэкIуэкIаш.

Усэ пшыхьхэм ифIэфIу къекIуалIэ Кульбаевэ Ларисэщ (Къэшакъэтау кьужкэ дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ щрегъаджэ) иджырей зэIущIэр курыт еджапIэм хъыщIэзэзыгъэпэщар. «Ростелеком» IэнатIэм и фIыгъэкIэ усэ пшыхьым онлайну куэд еплъыфащ. Къэщкъэтауэрэ Зэрэгъэжьэрэ дэт курыт еджапIэм щIэс цIыкIуэхэр адэгъэзэкIэ, урысыбзэркIэ, балъкъэрыбзэкIэ усэ къеджащ. УщымыгуфыкIыкIнкIэ Iэмал иIэтэжьым ныбжьыщIэ цIыкIуэхэм я анэдэлъхубзэр къабзэу зэрагъурыIуащ.

Мы зэхьхьэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIащ усакIуэ цIэрыIуэхэу Кулиев Къайсын, КIыщокъуэ Алим, Зумаколвэ Танзиля, Бещтокъуэ Хьэбас, Балъкъыз Батий, Гудимов Владимир, Милявский Олег, Трубников Михаил, Боковэ Татьянэ сымэ. Къыхахарэ хэкум теухуа я IэдакъэщIэкIхэм щыщт.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ тхыль еджэным цIыхум зэрызригъэжьыным, абы и гупсысэ зэтеуэныкIэ сэбэныгъэ ин зэрэIэм. ТхакIуэ, усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ щхьэхуэу и гугъу ищIащ анэдэлъхубзэм цIыхум деждкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Абы жиIащ анэдэлъхубзэкIэ тхылъ еджэ цIыхум и щIэныгъэм зэрыхигъахъуэм кьинэмыщIауэ, и бзэри щэрыуэ зэрищIыр, къыщыхэм лъэпкъым и гупсысэкIэм, псэукIэм нэуасэ зэрыхуэхъур.

Зэрэгъыж къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщI АфIэунэ Аринэ я гупсысэм кьыпищащ кьыщыпсалъэм. Къэщкъэтау къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Темукуевэ Аурикэ жиIащ тхылъ еджэным цIыхум и бзэр къулей зэрищIыр, жьакIуэ зэрыхъур, апхуэдэ цIыхур сыт хуэдэ Iэнатlэкми щефIэкIуэну къызэрилъэтэр.

Мы Iуэхур зэрырагъажьэрэ дэIэпыкъуэгъуэ яхуохъу «Ростелеком» Iуэхущ1апIэм и къудамэу КъБР-м щыIэр. Усэ пшыхьыр абыхэм онлайну кьыщагъэлъэгъуащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и сайтымрэ ВКонтакте щалэ напэкIуэцIымрэ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Хэт сытым елэжьрэ?

Бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэ

Налшык и «Золушка» сабий сад №49-м илъэс куэд щIауэ гъэсакIуэу щылажьэ Егъуэж Мадинэ цIыкIуэр фIыщIэу зэрилъагъум къыдэкIуэу, нэгъуэщI куэдми хуэIэрыхуэщ. «ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхур сытми хуэзэчиифIэщ» щIыжалаIэхэм ящыщ зыщ ар.

ИЛЪЭС 26-рэ хъуауэ цIыкIуэхэм яхэт бзылъхугъэ щыпхъэм зэман-зэманкIэ-рэ нэгъэущI Iуэхуэмэи зрепщыт, щIэ гуэр кьищIэну, и къауфыкIи зригъэуэжьыну зэрыфIэфIым кьыхэкIыу. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы ехьулIэныгъэ иIэу зыхуигъэсащ Iэбжьанэ гъэдэхэным, цы зэIуещэ, щыгъныгъуэхэр, зэрыджэгу хьэпшып цIыкIуэхэр кьыхещIыкI, сурэт ещI. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр цы зэIущэным и щэхур фыхуэзэуэхар и адэр арауэ зэрыщIтырщ. «Мастэнэхэр кьызэрырахыр сэзыгъэлъэгъуар си адэрэ, ар абы щIыщIгъуазэр нобэми си деждкIэ щэхущ», - жеIэ Мадинэ. Къат куэду зэтет я унэм щIэс балъкъэр зэанэзэпхъум я деж кIуэурэ иужькIэ зыщигъэсащ хъыджэбз цIыкIу набдзэгубдзапIэм.

Тхыгъэ кIэщIым гъусэ хуэтщI сурэтращ Мадинэ зэлэжьхэм я гугъу тщIыну дигу кьэзыгъэкIар. Ар ишыныкIэ Егъуэжым сэбэп кьыхуэхъуар Интернетым щрагъэкIуэкI мастер-классхэрщ. Ауэ сыт хуэдиз дерс ущIэдэIуми уельми си фIэщ хъуркъым а зэчиир кьыбдамылъхуамэ, мыпхуэдэ сурэтхэр пхуэщIыну.

ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ, жьыхуаIэращи, куэд зригъэхъулIэфами, нэхъыбэж Мадинэ зэримурадыр си фIэщ мэхъури, дэтхэнэ и зы гукъэкIми IэкIэ теIэбэну си гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

«Тэрч» уэру къиуащ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу зэIущIэхэр щекIуэкIащ. Псом япэу мыбыхэм къыхэгъэщыпхъэр иужь зэIущIитIым «Тэрчыр» «уэру къызэриуарщ». ЯпэщIыкIэ Старэ Шэрэдж и «Дохъушыкъуейм» 7:0-у, абы иужь Шэджэм и «Шэрджэс» гупым 10:0-у текIуащ. Алхуэдэ щыкIэкIэ, джэгугъуитIым топ 17 хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм щыдигъэкIри, езым ейм къригъэкIуэлIакъым къыпэщIэтахэр.

БЖЬЫПЭР зыIыгъ Псынэдахэ и «Родник»-м 19-нэ текIуэныгъэр къихьащ, ауэ пхужьIэнукъым ар тыншу къехъулIауэ. «Ислъэмей» командэм 3:2-уэщ зэрытекIуар. Апхуэдэу щытми, иджыри зыми химыгъэщIауэ япэ увыпIэр иIыгащ, «Тэрчым», етIуанэу кIэлъыкIуэм очкоитхукIэ щхьэщыкIауэ. НобэкIэ ещанэр Альтуд и «Искра» гупырщ.

ЗэрымыкIуам къыхэкIыу, хабзэм къызэрыгъуэным хуэдэу, командитI 3:0-у бжыгъэкIэ хэнауэ кьалъытащ: «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Имран» (Бахъсэн) - **3:0**, «Искра» (Альтуд) - «Кэнжэ» (Кэнжэ) - **3:0**. Бахъсэн и «Имран»-р куэд щIауэ зэрымыджэгужьым тепщIыхьмэ, чемпионатыр иухауэ къыщIэкIынущ.

ГурыIуэгъуэкIым «Кэнжэм» и Iуэху зыгетыр, ипэ зэманхэм мыIейэ зыкъызэригъэлъэгъуар дигу кьэдгъэкIыжмэ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, хъарзынэу мэджэгу еплIанэ увыпIэм щыт, ди «Спартак» командэ пашэм и щIалэгъуалэ гупыр. Мыбыхэми бжыгъэшхуэкIэ щIэх-щэхыурэ текIуэныгъэ кьахь. Иужьрейуэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм Малкэ жылагъуэм и командэр 6:1-уэ хигъэщIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командэхэр зэрызэдэджэгуам кьрикIуа бжыгъэхэм: *бэрэжьейм, шыщхьэIуIум (августым) и 30-м* - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Урыху**» (Урыху) -**1:4**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **1:0**; *щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ* - «**Урыху**» (Урыху) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **4:6**, «**Акъбащ**» (Акъбащ) - «**Дохъушыкъуей**» - **7:5**.

Гуэащхьауэхэм я зэпеуэм тIуми зэхуэдэу топ 20 хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дагъэкIауэ ипэ итщ Урыс Аслъэнрэ («Искра») Тамаев Аланрэ («Ислъэмей»).

ДызыхуэкIуэ щэбэт, тхьэмахуэ зыгъэпэсхуэгъуэ мазхуэхэм зэдэджэгунуц «Шагъдий» - «Искра», «Дохъушыкъуей» - «ЛогоВАЗ», «Кэнжэ» - «Урыху», «Шэрджэс» - «Акъбащ», «Родник» - «Малкэ», «Спартак-Д» - «Тэрч», «Псыгуэнсу» - «Ислъэмей» командэхэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	21	19	2	0	81-16	59
2. «Тэрч»	21	17	3	1	68-17	54
3. «Искра»	20	17	1	2	76-19	52
4. «Спартак-Д»	21	12	3	6	66-37	39
5. «Шагъдий»	20	10	3	7	79-50	33
6. «Ислъэмей»	21	8	3	10	46-53	27
7. «Акъбащ»	21	7	5	9	49-73	26
8. «Шэрджэс»	22	8	1	13	48-78	25
9. «ЛогоВАЗ»	21	7	4	10	35-51	25
10. «Малкэ»	20	7	3	10	32-47	24
11. «Кэнжэ»	22	7	2	13	46-64	23
12. «Урыху»	21	5	5	11	44-65	20
13. «Псыгуэнсу»	21	4	5	12	36-58	17
14. «Дохъушыкъуей»	22	5	1	16	39-74	16
15. «Имран»	22	3	3	16	34-78	12

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Къэрал мылъкуу сом мелуани 183-рэ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэнщагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм, сом мелуан 30 республикэм и бюджетым хэзыдыгъуэкIаxэм ехьэлIа уголовнэ Iуэхур щызэхагъэкIыж, къыщIагъэщащ ар зылэжьаxэм нэхъапэкIи сом мелуани 153-рэ зэрызыкIэщIауэщIар.

КЪЭРАЛ Iуэхущ1апIэхэм язым и финанс-экономикэ къудамэм и унафэщIымрэ абы и унафэм щIэтымрэ 2015 гъэм щIышылэ-дыгъэгъаз маззэхэм къриубыдэу Iуэхущ1апIэм и счётым сом мелуан 20 ирахыу, я цIыхугъэхэмрэ благъэхэмрэ, предприятэм и лэжьакIуэу щымытхэм, я картэхэм зэрагъэкIуам и хьыбар ильэскIэ узэIэбэкIыжмэ къытредгъэдзат.

Я хьилагъэр зрагъэхъулIэн папщIэ бухгалтер тхылъ нэпцIкэр ягъэхъэзырт, ауэ я благъэхэм жраIэртэкъым зыщIыпIэ улахуэ къызэрыщратыр. Езыхэм тхылъ нэпцIкIэ къыхахыжьырт ахъшэр. КьиинэмыщIауэ, бзаджащIэхэм банкым ягъэхь электрон реестрхэм къыщагъэлъагъуэрт я улахуэр нэхъыбэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ республикэ бюджетым сом мелуан 30-кIэ хэIэбащ.

Iуэхухэр щыIэзэхагъэкIым, къыщIагъэщащ апхуэдэ хьилагъэкIэ 2010-2014 гъэхэми абыхэм сом мелуани 153-рэ зэрадыгъуар, а хабзэншагъэхэр зехьэныкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм и штатым хэмыхъэ, я Iыхьлырэ цIыхугъэу 14-м я банк картэр къызэрагъэсэплар.

Аращи, иджы къыщIагъэщащ щэч зыхуащIхэм сом мелуани 183-рэ хэщIыныгъэу къэрал мылъкум иратауэ. КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и следователхэм абыхэм ятеуэуа уголовнэ Iуэху щIэуэ къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. Iуэхур зэхагъэкI.

Тутынхэкl куэд къытрахащ

Республикэм и полицейхэм Нарткъалэ къыщытрахащ тутынхэкI пачкэ мини 2-м щIигъу.

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэнщагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм я къалэн ягъэзащIэу Шэджыхьэщ1эм и уэрамым тег сату щIапIэр къыщапщытэм, кьагъуэтащ маркэ хэха зытемыт тутын пачкэ мини 2-м щIигъу.

Тутынхэкlэр ейц щIыпIэм щIепсэу, илъэс 42-рэ зи ныбжь цIыхухъум, а хэщIапIэр бэджэнду къэзыщтам. Абы зиумысыжащ тутынхэр имыцIыхухъэм я деж ищэжыну къызэрыщищтамкIэ.

Экспертым къызэрилъытамкIэ, къытрахар сом мин 242-м щIигъу и уасэщ.

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм дознаниемкIэ и Iэнатlэм щэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ Кодексым и 171.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм (маркэ зытемылъ тутын зыIэрыгъэхьэн икIи хъумэн) ипкъ иткIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Нурыр» топсэ «Дыщэ жыгым»

Мейкъуапэ щекIуэкIа «Адыгейм и ваГъуэ цIыкIуэхэр» зи фIэщыгъэ 14-нэ дунейпсо адыгэ фестивалым адыгэ сабий зэчиифIэхэр зэхуишэсат.

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэс Республикэм и Хьэбзэ къуажэм и «Дыщэ жыг» сабий театрыр а зэхьэзэхуэм иджы япэу хэтащ икIи щытекIуащ. Ар и фIыщIащ текIуэныгъэ кьэзыхьа джэгуакIуэхэр зыгъэхьэзыра, гупым и унафэщI, зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт цIыху гумызагъэ Адзын Мадинэ.

«Нур» журналым къытехуахэм ящыщу Мадинэ кьыхихащ Аброкъуэ Беллэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIа тхыгъэмI: Чуковский К.И. и «Цыкъэцыкъэ бадзэмр» («Нур» №11, 2018-м тетащ) Пушкин А.С. и «Пащтыхьыпхъэ лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэ» таурыхьымрэ («Нур» №97, 2017). Адзын Дисанэ «Цыкъэцыкъэ бадзэм» дахащэу гукIэ кьеджэри япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ, Езауэ Данэ «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэм» гъэхуауэ кьеджащ, зэхьэзэхуэм и етIуанэ увыпIэри кьихьэхущ.

«Дыщэ жыг» гупыр зэрызэхьэзэрэ илъэсищ хъуу араща, ауэ екъулIэныгъэ я куэдщ. Ахэр нэгъабэ КъШР-м щекIуэкIа «Кавказские сокровища» республикэ зэпеуэм щытекIуащ. Мы гъэми КъБР-м щекIуэкIа «Шемякинская весна» 14-нэ дунейпсо фестивалым пашэ щыхъуащ.

«Дыщэ жыг» гупым екIуалIэ сабийхэм гъагапIэшхуэхэр хьапэщылъщ, ар ди фIэщ ящIащ зэман кIэщIым кьриубыдэу зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэмкIэ. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу ди «Нурыр» ятепсэу, я адыгэбзэр бзэрабзэу, дагъэгушхуэу а ныбжьыщIэ цIыкIуэм дяпэкIи куэдрэ дагъэгуфIэну!

КЪАШЫРГЪЭ ФатIимэ.

Къасболэт и ехъулIэныгъэ

● Тхэквондо

Босниемрэ Герцоговинэмрэ я кьалащхьэ Сараевэ щыщкъэуIум и 28-31-хэм щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ) кадетхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ илъэс 12-14 зи ныбжьхэу къэрал 85-м къи-кIа спортсмен щIалэщIэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэпеуэм щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спортакадемием и гъэсан Къэзанш Къэсболэт. ЕхъулIэныгъэ иIэу абы къыгъэзэжащ.

Адыгэ щIалэщIэм и япэ зэIущIитхур и хьэрхуэрэгъуэхэм къафIихьащ зэфIэкIыкфIэхэр къигъэлъагъуэу, ауэ финалым щIэкIхэм щыщт.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ тхыль еджэным цIыхум зэрызригъэжьыным, абы и гупсысэ зэтеуэныкIэ сэбэныгъэ ин зэрэIэм. ТхакIуэ, усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ щхьэхуэу и гугъу ищIащ анэдэлъхубзэм цIыхум деждкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Абы жиIащ анэдэлъхубзэкIэ тхылъ еджэ цIыхум и щIэныгъэм зэрыхигъахъуэм кьинэмыщIауэ, и бзэри щэрыуэ зэрищIыр, къыщыхэм лъэпкъым и гупсысэкIэм, псэукIэм нэуасэ зэрыхуэхъур.

Зэрэгъыж къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщI АфIэунэ Аринэ я гупсысэм кьыпищащ кьыщыпсалъэм. Къэщкъэтау къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Темукуевэ Аурикэ жиIащ тхылъ еджэным цIыхум и бзэр къулей зэрищIыр, жьакIуэ зэрыхъур, апхуэдэ цIыхур сыт хуэдэ Iэнатlэкми щефIэкIуэну къызэрилъэтэр.

Мы Iуэхур зэрырагъажьэрэ дэIэпыкъуэгъуэ яхуохъу «Ростелеком» Iуэхущ1апIэм и къудамэу КъБР-м щыIэр. Усэ пшыхьыр абыхэм онлайну кьыщагъэлъэгъуащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и сайтымрэ ВКонтакте щалэ напэкIуэцIымрэ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №1932
12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэлэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕлэжьАхэщ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Инарокъуэ Азэмэт***(1, 4-нэ нап.)*.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.